

# Bonjan Konsèy pou Mask pou Figi



Pitit ou gendwa pa santi li alèz oswa li gendwa pè pou mete yon mask pou figi. Sèvi ak fèy konsèy sa a pou w ka konnen poukisa mask pou figi yo enpòtan, kijan pou w ede pitit ou a abitye mete youn, ak kijan ou ka fè yon mask pou figi lakay ou byen fasil.



<p><b>Poukisa li enpòtan pou mete yon mask pou figi?</b></p> <p>Kowonaviris ka pwopaje lè nou respire, touse, oswa etènye. Yon mask pou figi ka ede sispann li pwopaje pami moun yo.</p>	<p><b>Èske tout moun dwe mete yon mask?</b></p> <p>Timoun ki poko gen 2 lane ak moun ki gen pwoblèm pou respire pa dwe mete yon mask pou figi. Tout lòt moun dwe mete yon mask lè yo deyò nan piblik la.</p>
<p><b>Kijan yo mete yon mask pou figi?</b></p> <p>Asire w mask la kouvri ni nen ou ni bouch ou. Apre ou fin itilize mask la, retire li sou figi ou epi pa bliye lave men ou. Ou dwe jete yon mask jetab apre ou itilize li epi lave yon mask an twal chak fwa ou fin itilize li.</p>	

<p><b>Pou ede pitit ou si li pè</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Kite pitit ou a dekore mask li a avèk makè oswa kolan</li> <li>• Kite pitit ou a wè lòt fanmi ki mete mask pou figi</li> <li>• Si ou pral fè pwòp mask ou, jwenn yo twal ki konfòtab pou pitit ou a</li> </ul>	<p><b>Plis konsèy</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Mete mask ou! Sa montre pitit ou a ou konfòtab ak li.</li> <li>• Fè Jwèt (Peek-a-boo [<i>bouche je</i>] oswa fè kòm si ou se yon doktè) lè ou mete mask.</li> </ul>
---	--


## CDC montre kijan pou w kreye yon mask lakay ou byen fasil:

### Koupe twal yon mayo pou kouvri figi ou (ou pa bezwen koud anyen)

Materyèl

- Mayo
- Sizò

Leson



Sous: Rutgers 'A Parent's Guide: Helping Your Child Wear a Face Mask, CDC COVID-19 Factsheet, Children's Mercy Kansas City Tips